

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Kacindekan

Tina hasil panalungtikan, kapanggih aya sababaraha data tina jumlah 564 kandaga kecap basa lulugu anu diujikeun ka masarakat dina ngalaksanakeun panalungtikan kapanggih 105 (18,62%) kecap dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan. Kecap dialék anu kapanggih di antarana aya 70 (66,67%) anu kaasup kana kecap asal, 35 (33,33%) anu kaasup kecap rékaan. Tina 35 kecap anu kaasup kecap rékaan kapanggih aya 17 (16,19%) kecap rundayan, 7 (6,67%) kecap rajékan, jeung 11 (10,48%) kecap kantétan.

Kecap rundayan diwangun ku prosés morfologis rarangkén hareup (*pa-*, *jeung N-*), rarangkén tukang (*-an*), jeung rarangkén gabungan (*N- -an*, *jeung N- -keun*). Kecap rajékan nu ngawangun kecap barang dwipurwa aya 3, kecap dwipurwa binarung rarangkén aya 1, kecap dwimurni binarung rarangkén aya 2 jeung kecap dwiréka jumlahna aya 1.

Kecap kantétan nu diwangun ku kecap barang jeung kecap barang (KB+KB), jeung kecap barang jeung kecap sipat (KB+KS).

Kecap dialék Garut anu kapanggih jumlahna aya 105 tina 564 kecap anu diujikeun ka masarakat pikeun bahan panalungtikan diinvéntaris ditalungtik ngan saukur prosés morfologisna wungkul, tapi ogé bakal diinvéntaris kana peta basa

sangkan kapanggih wewengkon mana waé anu masih ngagunakeun éta kecap dialék.

Bahan pangajaran kandaga kecap basa Sunda dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan kaasup kana kamekaran matéri nu ngacu kana padoman matéri kabasaan jeung matéri katerampilan *berbahasa*. Bahan pangajaran disaluyukeun kana standar kompetensi jeung kompetensi dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda nu dikaluarkeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, ku kituna basa Sunda dialék bisa dipaké sarta dijadikeun bahan pangajaran kandaga kecap di SMA anu miboga fungsi pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran sarta miboga tujuan pikeun nambahan pangaweruh jeung kamampuh siswa dina ngagunakeun basa Sunda dialék Garut dina kahirupanna.

5.2. Rékoméndasi

Ieu panalungtikan nalungtik kecap-kecap dialék dumasar wangun kecapna, ku lantaran kitu, perlu ayana panalungtikan séjén anu perkara basa Sunda dialék Garut kalawan leuwih jero boh dina wangun semantik nu leuwih daria. Ogé perlu ayana panalungtikan-panalungtikan satuluyna anu maluruh basa di wewengkon-wewengkon séjénna sabudeureun Kabupatén Garut.

Bahan pangajaran di sakola-sakola di Garut bakal leuwih hadé lamun medar jeung nganalisis ngeunaan basa Sunda dialék Garut nu aya di wewengkon séwang-séwangan. Lantaran kitu perlu ayana motivasi jeung pangrojong sangkan siswa-siswa bisa reueus kana basa Sunda dialékna séwang-séwangan.

Bahan pangajaran dina ieu panalungtikan ngan saukur nepi ka rarancang bahan pangajaran. Ku kituna perlu ayana panalungtikan séjén anu langsung ancrub ka lapangan pikeun nerapkeun kandaga kecap dialék Garut nu aya di sakola-sakola di Kabupatén Garut.

